

Maca Bacaan

JAWER KOTOK



Ngaran tutuwuhan : Jawer kotok atawa kentangan (ceuk urang Jawa Tengah atawa Jawa Timur)

Kaayaanana : daunna siga jantung hate, sisi daunna reregean leutik sakurilingna, aya kembangan, kaasupna kana tatangkalan rungkun, tangkalna pasagi opat, hirupna ngarambat ka luhur, jeung ngarambatna bisa nepi ka 30 dugi 150 cm.

Manfaat: - dijieun hiasan di pakarangan imah

- dijieun obat rupa-rupa panyakit, diantaranya : kencing manis, nyeri beuteung, borok jeung bisul

Pedaran :

Ngaran ieu tutuwuhan teh jawer kotok. Sok dipelak dipipir imah. Daunna siga jajantung nu sisina reregean leutik sakurilingna. Kembang kaluar tina pucukna. Jawer kotok bakal alus jadina, upama dipelak di dataran nu handap.



Jawer kotok teh ceuk urang Jawa Tengah jeung Jawa Timur mah disebutna teh "Kentangan". Jawer kotok kaasupna tutuwuhan rungkun, Tutuwuhan ngarambat ka luhur, jangkungna antara 30 - 150 cm.



Loba jalma nu melak jawer kotok tujuanna pikeun hiasan di pakarangan imah. Pikeun dunya kasehatan, jawer kotok loba pisan mangpaatna lantaran ngandung bahan obat jeung mineral. Tabib jaman baheula loba pisan ngamangpaatkeun jawer kotok pikeun nyegeurkeun rupa-rupa panyakit, diantaranya kencing manis nyeri beuteung, borok jeung bisul.

1 Pek jawab sakur pananya ieu dihandap



Pek ku hidep jawab pananya ku anu aya dina kotak di handap !

Tutuwuhan rungkun

Dipipir imah

Daunna reregean leutik

aya kembangan

tangkalna pasagi opat

Kentangan

Tutuwuhan rungkun

ngarambat kaluhur

Dijieun hiasan imah jeung dijieun obat rupa-rupa panyakit

Daunna siga jantung hate jeung reregean leutik

2

1. Kaasup kana golongan tutuwuhan naon ari jawer kotok ?
2. Dimana sok dipelakna jawer kotok teh ?
3. Kumaha wangunanana ari jawer kotok teh ?
4. Disebut naon ari jawer kotok ku urang Jawa Tengah jeung Jawa Timur ?
5. Naon wae ari mangfaat jawer kotok ?